

ENSKRIPSYON PASYAN PEDIYATRIK

PATIENT INFORMATION	Non		Pwonon sèks <input type="checkbox"/> Li <input type="checkbox"/> Yo	Preferans Sèks <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Chanje Sèks (pou G yo pou F) <input type="checkbox"/> Chanje Sèks (F yo G)	Dat nesans (MM/DD/YY)	
	No. Sekrite Sosyal	Ki jan ou te tande de nou?		Bezwen Entèprèt? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Lang Prefere	
	Ras/Gwoup Etnik – Chwazi tout sa ki aplikab. <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Alasken Natif Natal <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Nwa/Afriken Ameriken <input type="checkbox"/> Awayen Natif Natal <input type="checkbox"/> Moun Lòt Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Lòt Èske Pasyan an Ispanik? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			Tanpri tcheke si sa ki annapre yo aplike pou ou <input type="checkbox"/> Mwen pa gen asirans kounye a <input type="checkbox"/> Refijye <input type="checkbox"/> Travayè agrikòl <input type="checkbox"/> san kay <input type="checkbox"/> Veteran <input type="checkbox"/> Lojman Piblik <input type="checkbox"/> Sitwayen <input type="checkbox"/> Ki baze nan lekòl la		
	Non Kontak Pou Ijans		Relasyon ak Pasyan an		Telefòn Kontak Pou Ijans	

PARENT/GUARDIAN INFORMATION	Non Paran/Responsab		Adrès Imèl Manman/Responsab		
	Adrès Manman / Responsab		Vil	Eta	Kòd Postal
	Telefòn Manman/Responsab	Dezyèm Telefòn		Metòd Kontak Prefere <input type="checkbox"/> Lapòs <input type="checkbox"/> Telefòn Prensipal <input type="checkbox"/> Dezyèm Telefòn <input type="checkbox"/> Pasyan Portal	
	Non Papa/Responsab		Adrès Imèl Papa/Responsab		
	Adrès Papa/Responsab		Vil	Eta	Kòd Postal
	Telefòn Papa/Responsab	Reveni nan kay la		Metòd Kontak Prefere <input type="checkbox"/> Lapòs <input type="checkbox"/> Telefòn Prensipal <input type="checkbox"/> Dezyèm Telefòn <input type="checkbox"/> Pasyan Portal	
	Gwosè Fanmi	Reveni nan kay la		Tanpri chwazi famasi ou pito <input type="checkbox"/> TH Sanford <input type="checkbox"/> TH Southside <input type="checkbox"/> TH Lake Underhill <input type="checkbox"/> TH Hoffner <input type="checkbox"/> TH Alafaya <input type="checkbox"/> Other _____	
	Kòm yon FQHC, nou gen plizyè resous ki disponib pou ou. Tanpri endike si w ap rankontre baryè sa yo pou pran swen w? <input type="checkbox"/> finansye <input type="checkbox"/> Konpetans angle limite <input type="checkbox"/> Fizik/Mobilite <input type="checkbox"/> Kote Jeyografik <input type="checkbox"/> Aksè nan Swen <input type="checkbox"/> Aksè dijital <input type="checkbox"/> Transpò <input type="checkbox"/> Manje Manje <input type="checkbox"/> Edikasyon <input type="checkbox"/> Kiltirèl <input type="checkbox"/> Lojman <input type="checkbox"/> gadri <input type="checkbox"/> Lang <input type="checkbox"/> Deplase Entèn				

INSURANCE & GUARANTOR INFORMATION	Asirans Prensipal		nimewo politik	No. Gwoup	
	Adrès moun ki peye a (ki sitiye sou do kat la)				
	Non abònen an		Relasyon ak Pasyan an		
	Asirans Segondè (si genyen)		nimewo politik	No. Gwoup	
	Non abònen an		Relasyon ak Pasyan an		
	Garan/Non Moun Responsab pou Peman (si diferan ak Manm nan)				
	Adrès		Vil	Eta	Kòd Postal
Telefòn		Relasyon ak Pasyan an			

Siyati Paran/Garan	Relasyon ak Pasyan an	Dat
--------------------	-----------------------	-----

ISTWA MEDIKAL PEDYATRIK

Non Pasyan an	Dat nesans
----------------------	-------------------

	Pasyan (Timoun)	Fanmi
MEDICAL HISTORY	Enfeksyon Nan Gøj <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Tiwoyid <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Dyabèt <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Dyabèt <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Kè ki bat Ba <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Tansyon Wo <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Saranpyon <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Kè <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Lawoujòl <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Estwok <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Enfeksyon Nan Zòrèy <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Ren <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	RSV <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Fwa <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Gwo tous <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Maladi mantal <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Pwoblèm Nan Vant <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Glokòm <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Maladi mantal <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Katarak <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Epilepsi <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Epilepsi <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Opresyon <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Opresyon <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Tèt fè mal <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Tèt fè mal/Migrèn <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Kansè (Kalite: _____) <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Kansè (Kalite: _____) <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Lòt: _____ <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Lòt: _____ <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	

SWEN PREVANTIF	Dat dènye randevou kay doktè: _____
	Dat dènye randevou kay dantis: _____
	Non dantis la: _____

ISTWA FAMILYAL	Papa: <input type="checkbox"/> Vivan <input type="checkbox"/> Mouri Laj: _____ Kòz Lanmò _____
	Manman: <input type="checkbox"/> Vivan <input type="checkbox"/> Mouri Laj: _____ Kòz Lanmò _____
	Timoun, Konbyen: <input type="checkbox"/> Vivan _____ <input type="checkbox"/> Mouri _____ Kòz Lanmò _____

ISTWA NESANS	<input type="checkbox"/> Kouch Nòmral <input type="checkbox"/> Sezaryèn
	Pwa Nesans _____ Longè Nesans _____
	Kote li Fèt? _____
	Istwa Gwosès: _____
	Pwoblèm Nan Nesans: _____

NITRISYON	Li nan Tete? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Fòmila? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Kalite: _____
	Li Pran Vitamin? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Li Pran Fè? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

ALÈJI	

	Non Medikaman an	Dòz	Kantite fwa pa Jou
MEDIKAMAN			

OPERASYON	

Siyati Paran/Responsab	Relasyon ak Pasyan an	Dat
-------------------------------	------------------------------	------------



Kontra Pou Nivo Frè Ki Baze Sou Revni

Non Pasyan an	Dat nesans
---------------	------------

Tout Pasyan yo kapab kalifye pou pwogram rabè nivo frè selon revni True Health la. Kalifikasyon pou pwogram rabè nivo frè selon revni an baze sou kantite revni ak kantite moun nan fanmi an. Nou mande dokiman pou detèmine si ou kalifye.

True Health rezève dwa pou yo analize deklarasyon taks ou ak/oswa sous chèk ou si yo mande. N ap mete kalifikasyon ou ajou regilyèman selon kalite dokiman ou bay. Si gen nenpòt chanjman ki fèt nan kantite revni oswa kalifikasyon nou pou asirans avan mizajou ki pwograme a, tanpri mete True Health okouran imedyatman.

Tanpri mete inisyal ou devan chak fraz nan espas nou mete pou sa a.

_____ Mwen sètifye enfòmasyon mwen bay konsènan revni ak fanmi mwen yo vrè ak egzat dapre tout konesans mwen.
(inisyal) Mwen konprann si nenpòt nan enfòmasyon mwen bay nan fòm sa a se manti, kontra sa a ap anile, epi m ap responsab pou peye pou TOUT pri sèvis la. Mwen konprann yo pran kenbe dokiman sa a nan dosye medikal pèmanan mwen epi nenpòt fo enfòmasyon mwen ta bay ap konsidere kòm yon ofans federal.

_____ Mwen konprann nivo frè selon revni sa a kapab chanje.
(inisyal)

_____ Mwen konprann mwen sipoze peye menm lè mwen resevwa sèvis yo.
(inisyal)

_____ (Si sa apwopriye) Yo te enfòm mwen epi mwen konprann si mwen pa bay prèv revni mwen nan pwochen randevou
(inisyal) mwen, y ap chanje kategori mwen nan nivo moun ki gen pou peye plis yo.

Siyati Paran/Responsab	Relasyon ak Pasyan an	Dat
------------------------	-----------------------	-----

Sèman Moun Sant Sante a Ki Pou Ekri La				
Proof of Income	Gross Amount (including Cents)			Monthly Total
Weekly Paystubs/Employer Letter (letterhead)	\$	+	\$	= \$
Bi-weekly Paystubs/Employer Letter (letterhead)	\$	+	\$	= \$
Paystub Average Calculation (4 weekly/2 bi-weekly)	\$	/		= \$
Social Security Award Letter	\$			= \$
Last year's Income Tax Return (W-2 and/or schedules attached)	\$			= \$
Unemployment Compensation Statement	\$			= \$
Notarized Letter of Support	\$			= \$
Please check if applicable				
<input type="checkbox"/> No proof of income presented	<input type="checkbox"/> School Enrollment	<input type="checkbox"/> Self-Declaration Form		
Annual Income Calculation (monthly x12,26,52 depending on frequency of income)				
Annual income \$ _____. Family size _____. Sliding Fee Schedule Expiration Date _____				
Please select the appropriate slide				
<input type="checkbox"/> Slide A <input type="checkbox"/> Slide B <input type="checkbox"/> Slide C <input type="checkbox"/> Slide D <input type="checkbox"/> Slide E <input type="checkbox"/> Slide F				
Employee Name (printed)				Date



Lis Moun Otorize Pou Rezon Medikal

Mwen se, _____, epi mwen se paran ak
Non Paran / Responsab Legal
 responsab legal _____, otorize moun nan (yo)
Non Timoun nan ak Dat Nesans
 nan lis anba a pou aji kòm gadyen tanporè pitit mwen pou mennen li nan True Health.
 Moun sa yo gen pèmasyon pou mennen pitit mwen nan klinik la ak dakò pou tretman
 swen sante ak egzamen nan absans mwen. Otorizasyon sa a valab pou yon (1) ane apati
 kòmansman otorizasyon sa a amwenske yon lòt dat espesifye alekri.

Non Moun Otorize a	Sa li ye pou timoun nan

Siyati Paran/Responsab	Relasyon ak Pasyan an	Dat
-------------------------------	------------------------------	------------

Sèman Moun Sant Sante a Ki Pou Ekri La		
Siyati Anplwaye	Tit Anplwaye	Dat



Otorizasyon ak Akò pou Tretman

Non Pasyan an	Dat nesans
----------------------	-------------------

Moun ki siyen anba la a rekonèt ak dakò pou yo bay pasyan non li sou Fòm Enskripsyon an tretman. Pasyan an, responsab pasyan an, oswa reprezantan pasyan an dwe mete inisyal li akote tout fraz ki apwopriye yo.

Konsantman pou Tretman

_____ Mwen sètifye mwen mande pou doktè ak anplwaye True Health yo fè egzamen ak tretman medikal pou pasyan an.
(inisyal) Mwen bay pèmisyon pou evalyasyon ak tretman epi mwen sètifye yo pa te bay mwen okenn garanti oswa asirans konsènan rezilta yo. Si pasyan an se yon minè, mwen konprann yon paran, responsab legal, oswa yon adilt responsab dwe akonpaye pasyan an nan sant sante a ak rete ak pasyan an pandan tout egzamen an.

Akò Finansyè ak Otorizasyon Pou Bay Avantaj

_____ Mwen rekonèt mwen te resevwa yon kopi Regleman Finansye True Health epi mwen dakò pou respekte kondisyon li
(inisyal) yo.

Dwa ak Responsabilite Pasyan

_____ Mwen rekonèt mwen te resevwa yon kopi Règleman Finansye ak Responsabilite Pasyan True Health epi mwen dakò
(inisyal) pou respekte kondisyon li yo.

Avi Sou Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive

_____ Mwen rekonèt mwen te resevwa yon kopi Avi True Health Konsènan Pratik Konfidansyalite.
(inisyal)

Divilgasyon Enfòmasyon Medikal

_____ (Si sa apwopriye) An plis fason yo itilize ak/oswa pataje PHI mwen anwo a, mwen otorize pou pataje enfòmasyon
(inisyal) mwen bay moun sa yo. Tanpri bay non konplè moun otorize (yo) pi ba a. Mwen konprann demann sa a pa pral mete restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon nòmal PHI jan sa endike pi wo a.

Non Moun Otorize yo	Relasyon ak Pasyan an

_____ Mwen konprann mwen ka chanje oswa anile konsantman mwen pou itilize ak/oswa divilge PHI mwen nenpòt lè, si
(inisyal) mwen soumèt li alekri. Itilizasyon oswa divilgasyon ki fèt avan dat nou resevwa revokasyon konsantman an pa pral afekte.

Mwen te li rekonesans ak akò ki anlè a epi mwen konprann yo.

Siyati Paran/Garan	Relasyon ak Pasyan an	Dat
---------------------------	------------------------------	------------

Sèman Moun Sant Sante a Ki Pou Ekri La		
Siyati Anplwaye	Tit Anplwaye	Dat

POLITIK FINANSYÈ

True Health bay bon jan kalite swen sante konplè a yon pri rezonab pou tout moun.

RESPONSABLITE FINANSYÈ: Pasyan yo responsab finansyèman bay True Health pou 100% frè yo pou sèvis pwofesyonèl yo bay yo. True Health aksepte tout gwo kat kredi, chèk pèsònèl, money order, ak lajan kach. True Health travay ak pasyan yo pou asire swen medikal yo pa tounen yon pwoblèm finansye, tankou ofri plan peman.

Pou voye bòdwo pou asirans pasyan an, True Health bezwen enfòmasyon konplè epi egzak sou konpayi asirans pasyan an, prensipal, segondè, ak nenpòt konpayi asirans sipleman, tankou nimewo telefòn, adrès, ak yon kopi kat asirans la. San enfòmasyon sa a, pasyan an ka oblije peye tout kòb la nan moman sèvis la. True Health ka verifye asirans nenpòt ki lè pou jwenn otorizasyon davans oswa tcheke kalifikasyon. Pasyan yo dwe peye ko-peman ak dediktib nan moman sèvis la epi yo dwe enfòme True Health sou nenpòt chanjman nan asirans yo. Nenpòt sold ki poko peye oswa reklamasyon yo refize akòz enfòmasyon ki pa konplè se responsablite pasyan an.

REFI POU PEYE: Jan sa endike nan Dwa ak Responsablite Pasyan an, pasyan yo dwe peye bòdwo medikal yo san pèdi tan. True Health rekonèt ke yon pasyan ka gen enkapasite pou peye pou vizit yo. True Health defini sa kòm pa gen resous pou peye pou vizit la, akòz difikilte dokimante tankou sanzabri oswa baryè finansye.

True Health defini refi pou peye kòm pasyan an chwazi pa peye bòdwo yo oswa swiv yon plan peman True Health ofri. Yon kont delenkan vle di gen yon balans pou 60 jou oswa plis, ki pa gen okenn peman ki fèt nan balans lan, oswa yon balans \$ 1,000 san okenn plan peman pwograme. Si True Health detèmine yon pasyan ka peye men li refize, True Health ka repwograme randevou a jiskaske pasyan an fè yon peman. Si pasyan an kwè ke li pa kapab peye, yon manm ekip biwo a pral revize opsyon avèk yo.

PWOGRAM ECHÈL FRÈ AJISTAB (SLIDING FEE SCALE PROGRAM): Pasyan yo ka kalifye pou yon rabè sou echèl sliding fee ki baze sou revni kay la ak gwosè fanmi an. Yo pa refize sèvis akòz enkapasite pou peye. Pou kalifye, pasyan yo dwe bay yon idantite ak foto ak omwen yon fòm verifikasyon revni nan lis ki anba a.

- Souch chèk ki pi resan ak konsekitif (2 si yo peye chak de semèn, 4 si yo peye chak semèn).
- Deklarasyon konpansasyon chomaj.
- Detèminasyon benefis Sekirite Sosyal.
- Deklarasyon taks sou revni ane anvan an (ki gen ladan 1040 oswa W-2/1099).
- Yon deklarasyon revni tape, notarye ki vini de patwon an oswa verifikasyon lòt sipò.

Si yon pasyan pa gen revni oswa si l ap resevwa asistans tanporè, yo ka itilize yon fòm deklarasyon pwòp tèt ou apre konsèy ak Manadjè Sant/Sipèvizè Biwo a. Lòt frè aplike pou laboratwa ak lòt sèvis pandan vizit la. Si pasyan an pa bay dokiman obligatwa yo pou kalifye pou sèvis a pri redwi yo dapre direktiv federal yo, yo pral espere pasyan an peye tout pri a.



MEDICAID: True Health aksepte Medicaid epi voye bòdwo li dirèkteman. Peman yo ale dirèkteman nan True Health.

MEDICARE: True Health aksepte Medicare epi li faktire li ak asirans siplemantè dirèkteman. Si w se yon Sant Sante ki kalifye federalman, yo ka redwi franchiz Medicare pou sèvis True Health.

ASIRANS KONTRAKTE: True Health fè kontra ak konpayi asirans epi peman yo ale dirèkteman nan True Health. Pasyan yo dwe peye kopeman ak franchiz yo. Si konpayi asirans lan pa garanti sèvis yo oswa si konpayi asirans lan jije li pa nesèsè sou plan medikal, pasyan an responsab pou frè sa yo. Balans ki poko peye yo dwe onore nan 30 jou apre peman asirans lan.

SELEKSYON FOUNISÈ SWEN PRIMÈ: Si plan asirans yon pasyan mande pou yon Founisè Swen Prensipal (PCP) mete nan lis pou resevwa sèvis swen prensipal, pasyan an dwe asire ke True Health nan lis kòm PCP. Yon manm ekip biwo a ka ede ak sa. Si chanjman sa a pa fèt anvan lè randevou a pwograme, randevou a ka ranvwaye oswa repwograme.

ENDAMNITE TRAVAYÈ (WORKER'S COMPENSATION): True Health pa aksepte ka endamnite travayè yo. Pasyan yo ta dwe kontakte anplwayè yo pou jwenn konsèy.

ASIRANS KI PA GEN KONTRA: Pasyan ki gen asirans ki pa gen kontra yo dwe peye pou tout vizit kabinè nan moman sèvis la. Frè sa yo baze sou griy frè Medicare la. Yon pasyan ka chwazi pou l enskri nan Sliding Fee Program nan. Rekòmandasyon founisè True Health yo ka pa aksepte pa konpayi asirans pasyan an.

Rekonesans Règleman Finansye: Lè li siyen anba a, pasyan an rekonèt:

- Yo te resevwa yon kopi Règleman Finansye True Health la (True Health Financial Policy).
- Yo konprann epi dakò ak kondisyon li yo.
- Yo dakò pou peye tout frè pou swen ak tretman, ki gen ladan ko-peman ak dediktib.
- Benefis yon tyès pati peye yo pral kredite sou kont pasyan an.
- Yo responsab balans kont lan, kèlkeswa sityasyon asirans.
- Si yo pa fè peman alè epi yo pa klase kòm pa kapab peye, True Health ka repwograme vizit yo jiskaske yo fè yon kontribisyon.

Yon fwa siyen, akò a an tout fòs ak efè. Rekonesans politik sa a nesèsè pou resevwa sèvis pa True Health.

Non Pasyan/Gadyen	Siyati Pasyan/Gadyen	Dat
-------------------	----------------------	-----

Dwa ak Responsabilite Pasyan

True Health kwè Dwa ak Responsablite Pasyan ap kontribye nan pi bon swen pou pasyan. True Health rekonèt pwofesyonèl swen sante yo ak anplwaye klinik yo genyen sèten responsablite anvè pasyan yo epi pasyan an gen sèten dwa ak responsablite anvè True Health.

Dwa Pasyan yo

1. *Pou Pataje Enfòmasyon:* Pasyan yo gen dwa pou resevwa enfòmasyon ki presi ak fasil pou konprann pou yo kapab pran desizyon enfòmè konsènan plan sante yo ak moun k ap bay yo swen medikal yo. Pasyan yo dwa pou yo jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib ak frè yo, ansanm ak frè pou sèvis ki pa garanti pasyan an pral responsab pou peye pou yo. Pasyan yo gen dwa pou yo jwenn enfòmasyon sou estati akreditasyon sant sante a, sètifikasyon ak ane eksperyans pwofesyonèl swen sante yo, rezilta sondaj konsènan satisfaksyon pasyan, etid sou kalite swen, ak demach pou pote plent ak konteste yo. Pasyan yo gen dwa pou yo enfòmè sou règ òganizasyon an ak règleman ki aplike pou yo. Pasyan yo gen dwa pou yo enfòmè sou nenpòt ki relasyon ki egziste oswa ki kapab egziste ant True Health ak lòt ajans sante/akademik oswa moun k ap patisipe nan swen sante yo.
2. *Chwa Pwofesyonèl Swen Sante ak Plan:* Pasyan yo gen dwa pou yo chwazi pwofesyonèl swen sante pou yo jwenn bon kalite swen medikal. Pasyan yo gen dwa pou jwenn aksè nan espesyalis ki kalifye nan rezo referans nou an. Pasyan yo gen dwa pou yo chwazi plan sante.
3. *Aksè nan Sèvis Ijans:* Pasyan yo gen dwa pou jwenn aksè nan sèvis ijans kote yo bezwen an lè yo bezwen li a. Sant sante a pral enfòmè pasyan yo jan pou yo jwenn aksè nan pwofesyonèl swen sante ak pwoteksyon ijan lè sant la fèmen.
4. *Patisipasyon nan Desizyon Tretman:* Pasyan yo gen dwa pou pwofesyonèl swen sante yo enfòmè yo sou dyagnostik, tretman, ak pwognotik nan yon langaj ki fasil pou konprann; yo dwe ofri opòtinite pou yo patisipe nan planifikasyon tretman medikal yo ak nenpòt referans espesyalis; ak refize patisipasyon nan rechèch eksperimental. Pasyan yo gen dwa pou bay konsantman enfòmè avan pwosedi yo.
5. *Respè ak Non-Diskriminasyon:* Pasyan yo gen dwa pou yo trete yo ak konsiderasyon, respè, ak rekonesans diyite yo ak endividalite yo; yo pa gen dwa viktim abi mantal ak fizik; epi yo pa gen dwa mare yo amwenske yon pwofesyonèl swen sante otorize sa alekri pou yon tan espesifik ak limite, oswa lè li nesèsè pou pasyan an pa fè tèt li oswa lòt moun mal. Pasyan yo gen dwa pou yo resevwa pi bon swen medikal ki disponib kèlkeswa laj, sèks, ras, koulè, relijyon, lang, kondisyon ekonomik, andikap, oryantasyon seksyèl, oswa orijin nasyonal yo.
6. *Konfidansyalite:* Pasyan yo gen dwa pou yo respekte vi prive ak konfidansyalite yo nan tout kontak ak ekip la ak nan dosye medikal yo. Nou pral pataje dosye medikal yo ak lòt moun oswa òganizasyon sèlman ak konsantman pasyan an, sof nan ka lalwa egzije oswa kontra peman lòt òganizasyon.
7. *Plent ak Kontestasyon:* Pasyan yo gen dwa pou patisipe nan yon pwosesis ki jis ak efikas pou rezoud diferans ak pwofesyonèl swen sante yo oswa ekip True Health la san yo pa mare yo, deranje yo, fòse yo, fè diskriminasyon kont yo, oswa pran vanjans kont yo. Yo ka fè plent yo an pèsòn oswa alekri. Manadjè Klinik la ak/oswa Responsab sou sit la pral trete plent ki gen nati klinik yo. Famasyen ki responsab la pral rete plent konsènan famasi a. Manadjè Sant la oswa Kowòdonatè Biwo a pral trete plent konsènan anplwaye nan biwo oswa demografik. Kowòdonatè Sèvis Pasyan an oswa Direktè ki apwopriye a dwe bay pasyan yon repons a tan, swa an pèsòn, nan telefòn, oswa alekri.
8. Pasyan yo gen dwa pou resevwa enfòmasyon pou asiste yo pou prepare yon dokiman ki rele yon "Testaman Davans." Pasyan yo gen dwa pou gen Testaman sa a nan dosye sante elektwonik yo ak nenpòt dosye apwopriye yo pataje selon konsantman pasyan an. True Health pa aksepte Lòd DNR (Pa Reyanime).

Responsabilite Pasyan yo

1. Pasyan yo gen responsablite pou swiv règ ak regleman òganizasyon.
2. Pasyan yo gen responsablite pou fè konnen nenpòt chanjman nan kondisyon medikal yo.
3. Pasyan yo gen responsablite pou di pwofesyonèl swen sante yo okouran medikal si yo pa konprann nenpòt aspè nan swen medikal yo.
4. Pasyan yo gen responsablite pou yo patisipe nan demach pou pran desizyon konsènan swen medikal yo ak swiv plan tretman prepare pou yo. Sa a gen ladan kenbe randevou ak/oswa anile yo davans lè sa nesèsè.
5. Pat Pasyan yo gen responsablite pou bay verifye lè y ap bay enfòmasyon finansye, ak pou yo peye bil yo a lè.
6. Pasyan yo gen responsablite pou yo di nou si yo pa satisfè avèk swen yo resevwa.
7. Pasyan yo gen responsablite pou trete lòt pasyan yo ak anplwaye nou yo ak respè, konsiderasyon, ak rekonesans diyite ak endividalite yo.
8. Pasyan yo gen responsablite pou yo respekte ak pran swen pwopriyete ak etablisman True Health yo.

Kay Medikal Santre sou Pasyan (PCMH)

Kay medikal la gen senk fonksyon ak atribisyon:

1. Swen Konplè

Kay medikal ki santre sou pasyan an responsab pou satisfè:

- Yon majorite nan bezwen swen sante fizik ak mantal chak pasyan
- Prevansyon ak byennèt
- Swen entansif
- Swen kwonik

Bay swen konplè mande yon ekip founisè swen. Ekip sa a ka gen ladan doktè, asistan doktè, enfimye, famasyen, ak kowòdonatè swen.

2. Santre sou Pasyan

Kay medikal santre sou pasyan an bay swen sante ki baze sou relasyon ak yon oryantasyon anvè moun nan an antye.

- Patenarya ak pasyan yo ak fanmi yo mande konpreyansyon ak respè bezwen, kilti, valè ak preferans inik chak pasyan.
- Pratik medikal nan kay la aktivman sipòte pasyan yo nan aprantisaj jesyon ak òganizasyon pwòp swen pa yo nan nivo ke yo chwazi a.
- Lè yo rekonèt ke pasyan yo ak fanmi yo se de manm esansyèl ekip swen an, pratik kay medikal yo asire ke yo se de patnè ki byen enfòme pou etabli plan swen yo.

3. Swen Kowòdone

- Kay medikal santre sou pasyan an kowòdone swen an atravè tout eleman yo nan sistèm sante a an jeneral, ak ladan yo swen espesyalize, lopital yo, swen sante adomisil, epi sèvis ak sipò kominotè yo.
- Kowòdinasyon sa a patikilyèman enpòtan pandan tranzisyon ant sit swen yo, tankou lè pasyan yo ap egzeyate nan lopital la.
- Pratik nan kay medikal yo bon anpil tou nan konstwi yon kominikasyon klè epi ouvè ant pasyan epi fanmi yo, kay medikal la, ak manm ekip swen yo anjeneral.

4. Sèvis Aksesib

Kay medikal santre sou pasyan an bay sèvis aksesib ak tan atant ki pi kout pou:

- Bezwen ijan
- Amelyorasyon lè an pèsòn yo
- Telefòn 24 sou 24 oswa aksè elektwonik ak yon manm ekip swen an
- Metòd altènatif kominikasyon tankou imel ak swen pa telefòn.

Klinik kay medikal la reponn preferans pasyan yo nan sa ki konsène aksè.



5. Kalite ak Sekirite

Kay medikal santre sou pasyan an demontre yon angajman pou kalite ak amelyorasyon kalite lè li angaje li an pèmanans nan de aktivite tankou:

- Itilize yon medsin baze sou prèv ak zouti ki ede pran desizyon klinik pou gide nan pran desizyon pataje ak pasyan yo epi fanmi yo
- Angaje nan mezire pèfòmans ak amelyorasyon
- Mezire epi reponn eksperyans ak satisfaksyon pasyan yo
- Pratike jesyon sante popilasyon an

Pataje kalite solid epi done sekirite ak aktivite amelyorasyon piblikman se tou yon makè enpòtan yon angajman nan nivo sistèm nan anvè kalite.

Siyati Pasyan/Gadyen _____

Dat _____



Konsantman Vizit

Non Pasyan/Garanti	Dat Nesans (JJ/MM/AAAA)
---------------------------	--------------------------------

Mwen _____ konprann epi rekonèt diskresyon True Health konsènan kantite moun ki otorize yo nan tout domèn swen pasyan yo. Mwen konprann True Health ka limite kantite moun ki otorize yo nan tout domèn swen pasyan yo san yo pa avèti vizit mwen davans.

Mwen otorize moun/antite ki apre yo pou yo prezan pandan swen medikal mwen nan True Health:

- 1) Etidyan Medikal yo
- 2) Doktè kap Vizite yo
- 3) Repezantan endistri swen sante yo
- 4) Enspektè
- 5) Travayè antretyen
- 6) Founisè
- 7) Tout lòt moun/òganizasyon jan True Health ak/oswa òganizasyon patnè otorize li yo jije enpòtan ak/oswa medikalman nesèsè.

Anplis de sa, mwen otorize True Health pou egzamine moun/antite yo nenpòt ki lè anvan nenpòt vizit.

Mwen te li epi mwen konprann konplètman rekonesans ak akò ki anlè a.

Siyati Pasyan/Garanti	Relasyon ak Pasyan	Dat
------------------------------	---------------------------	------------



Fòm Konfimasyon Vizit

Non Pasyan	Dat li fèt (MM/JJ/AA)
------------	-----------------------

Nan kad jefò True Health ap fè poul ofri yon anviwònman san danje pou pasyan ansanm ak anplwaye, nou mandew pou respekte kondisyon annapre yo:

- 1) Limite itilizasyon telefòn selilè konsa:
 - a. Pandan pati klinik vizit la, li entèdi pouw itilize telefòn selilè.
 - b. Li entèdi pouw fè apèl videyo, pouw fè foto oswa fè anrejistreman pandan tout vizit la.
 - c. Pandan ou nan sal datant lan, tanpri itilize ekoutè pou tout aparèy elektwonik.
 - d. Si yon vizitè bezwen fè yon apèl pandan pati klinik vizit la, lap tounen nan zòn resepsyon an.
- 2) Li entèdi pou moun manje ak/oswa bwè pandan vizit la
- 3) Limite kantite moun yo:
 - a. Yon vizitè adilt pou chak pasyan nan sal egzamen an
 - b. Pa kite timoun san sipèvizyon nan sal datant lan

Se pou konnen, siw pa respekte kondisyon sa yo, sa ka lakòz yo repwograme vizit ou a nan yon lòt dat. Siyatiw anba la vle di ou rekonèt wap swiv kondisyon ki liste pi wo a.

Siyati pasyan/responsab li	Dat
----------------------------	-----

Enfòmasyon ou. Dwa ou yo. Responsablite nou yo.

Avètisman sa a dekri fason yo kapab itilize ak pataje enfòmasyon medikal, ak fason ou kapab genyen aksè a enfòmasyon sa a. **Tanpri pran san ou pou ou gade li.**

Dwa ou yo

Ou genyen dwa pou:

- Jwenn yon kopi papye ou elektwonik dosye medikal ou
- Korije dosye papye oswa elektwonik ou
- Mande kominikasyon konfidansyèl
- Mande limite enfòmasyon nou pataje
- Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon ou ak yo
- Jwenn yon kopi avi konsènan konfidansyalite sa a
- Chwazi yon moun pou aji pou ou
- Pote yon plent si ou kwè yo te vyole dwa konfidansyalite ou

➤ **Gade paj 2** pou plis enfòmasyon sou dwa sa yo ak fason pou egzèse yo

Chwa ou yo

Ou gen kèk chwa nan fason nou itilize ak pataje enfòmasyon pandan nou:

- Di fanmi ak zanmi sou eta sante ou
- Bay soulajman pou dezaz
- Mete ou nan yon anyè lopital la
- Ba ou swen sante mantal
- Fè piblisite pou sèvis nou yo ak vann enfòmasyon ou
- Kolekte lajan

➤ **Gade paj 3** pou plis enfòmasyon sou chwa sa yo ak fason pou egzèse yo

Fason Nou Itilize ak Pataje Enfòmasyon

Nou kapab itilize ak pataje enfòmasyon ou pandan nou:

- Trete ou
- Jere òganizasyon nou an
- Voye bil pou sèvis ou
- Ede avèk pwoblèm sante piblik ak sekirite
- Fè rechèch
- Konfòme ak lalwa
- Reponn demann pou don ògàn ak tisi
- Travay ansanm ak yon egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb
- Abòde ka aksidan nan travay, reponn lapolis, ak lòt demann gouvènman

Reponn pwosè ak aksyon legal

➤ **Al gade Chapit 3 ak 4** pou plis enfòmasyon sou fason pou itilize ak pataje enfòmasyon sa yo

Dwa ou yo

Pou enfòmasyon sou sante ou, ou gen sèten dwa.

Seksyon sa a eksplike dwa ak kèk nan responsablite nou gen pou ede ou.

Jwenn yon kopi elektwonik oswa sou papye dosye medikal ou

- Ou ka mande pou w wè oswa pou w jwenn yon kopi elektwonik oswa kopi sou papye dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon sou sante ou nou genyen. Mande nou ki jan pou ou fè sa.
- Nou pral bay yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sante ou, anjeneral, nan lespas 30 jou ki vini apre demann ou an. Nou ka mande ou peye yon frè rezonab pou sa.

Mande nou korije dosye medikal ou

- Ou ka mande nou korije enfòmasyon sante w ou panse pa kòrèk oswa konplè. Mande nou ki jan pou ou fè sa.
- Nou ka di "non" pou demann ou an, men nou pral di ou poukisa alekri nan 60 jou.

Mande kominikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande nou kontakte ou nan yon fason espesifik (pa egzanp, telefòn kay ou oswa biwo) oswa voye lèt nan yon adrès diferan.
- Nou pral di "wi" pou tout demann ki rezonab.

Mande nou limite sa nou itilize oswa pataje

- Ou ka mande nou pou n pa itilize ak oswa pataje sèten enfòmasyon sou sante pou tretman, peman, oswa operasyon nou yo. Nou pa oblije dakò ak demann ou an, epi nou ka di "non" si li ta ka afekte swen ou.
- Si ou peye tout pri pou yon sèvis oswa swen sante ak lajan nan pòch ou, ou kapab mande pou nou pa pataje enfòmasyon ki pou peyman oswa pou operasyon nou ak konpayi asirans ou. Nou pral di "wi" sof si gen yon lwa ki mande pou nou pataje enfòmasyon sa a.

Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon ou ak yo

- Ou ka mande pou yon lis (kontablite) kantite fwa nou te pataje enfòmasyon sou sante ou pandan sis (6) ane avan dat ou mande li, ak ki moun nou te pataje li, ak poukisa.
- Nou pral mete chak fwa nou te pataje yo eksepte pou sa ki sou tretman, peman, ak operasyon swen sante, ansanm ak kèk lòt bagay nou te pataje (tankou nenpòt sa ou te mande nou fè). Nou pral bay yon sèl kontablite gratis pa ane, men li pral mande ou peye yon frè rezonab si ou mande yon lòt nan yon espas 12 mwa.

Jwenn yon kopi avi konsènan konfidansyalite sa a

- Ou ka mande pou yon kopi avi sa a sou papye nenpòt ki lè, menm si ou te dakò pou resevwa avi a sou fòm elektwonik. N ap ba ou ak yon kopi sou papye san pèdi tan.

Chwazi yon moun pou aji pou ou

- Si ou te bay yon moun yon manda medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a ka egzèse dwa ou yo epi fè chwa konsènan enfòmasyon sante ou yo.
- Nou pral asire nou moun nan gen otorite sa a epi yo li aji pou ou avan nou fè nenpòt bagay.

Pote yon plent si ou kwè yo te vyole dwa konfidansyalite ou

- Ou ka kontakte nou ak enfòmasyon ki sou paj 1 yo pou pote plent si ou kwè nou te vyole dwa ou.
- Pou pote yon plent ak U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights voye yon lèt bay 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, oswa ale sou sitwèb www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.
- Nou p ap pran okenn aksyon kont ou paske ou depeze yon plent.

Chwa ou yo

Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou ka di nou chwa ou sou sa nou pataje. Si ou gen yon preferans klè pou ki jan pou nou pataje enfòmasyon ou nan sitiyaasyon ki dekri anba a, pale ak nou. Di nou sa w vle nou fè, epi nou pral swiv enstriksyon ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen dwa a ak chwa tou pou fè di nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi ou, zanmi pwòch, oswa lòt moun ki enplike nan swen ou
- Pataje enfòmasyon nan yon sitiyaasyon soulajman pou dezaz
- Mete enfòmasyon ou nan yon anyè lopital

Si ou pa kapab di nou preferans ou, pa egzanp si ou pèdi konesans, nou ka deside pataje enfòmasyon ou si nou kwè nan pi bon enterè ou. Epiou nou kapab pataje enfòmasyon ou lè sa nesèsè pou diminye yon menas serye ak imedyat pou lasante oswa sekirite.

Nan ka sa yo nou pa janm pataje enfòmasyon ou sòf si ou ban nou pèmisyon ekri:

- Rezon marketing
- Pou vann nan enfòmasyon ou
- Pifò nòt sikoterapi nou pataje

Nan ka pou mande lajan:

- Nou ka kontakte ou po mande lajan, men ou ka di nou pa kontakte ou ankò.

Fason Nou Itilize ak Pataje Enfòmasyon

Jeneralman kijan nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou?

Jeneralman nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou nan fason sa yo.

Trete ou

- Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou ak pataje yo avèk lòt pwofesyonèl k ap trete ou.

***Pa egzanp:** Yon doktè k ap trete ou pou yon aksidan mande yon lòt doktè enfòmasyon sou kondisyon sante jeneral ou.*

Jere òganizasyon nou an

- Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon sou sante ou pou jere òganizasyon nou, amelyore swen ou, ak kontakte ou lè sa nesèsè.

***Pa egzanp:** Nou itilize enfòmasyon sou sante ou pou jere tretman ak sèvis ou yo.*

Voye bil pou sèvis ou

- Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou pou voye bil ak pou jwenn peman nan men plan sante oswa lòt enstitisyon.

***Pa egzanp:** Nou bay enfòmasyon sou ou bay plan asirans sante ou pou li kapab peye pou sèvis ou yo.*

Kontinye sou pwochen paj la

Ki lòt gason nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou? Nou gen dwa oswa oblije pataje enfòmasyon ou nan lòt fason - anjeneral nan fason ki pou kontribiye pou byen piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou dwe satisfè plizyè kondisyon lalwa a avan n ap ka pataje enfòmasyon ou pou rezon sa yo. Pou plis enfòmasyon, gade:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html.

Ede avèk pwoblèm sante piblik ak sekirite

- Nou ka pataje enfòmasyon medikal sou ou pou sèten sitiyasyon tankou:
 - Evite maladi kontajye simaye
 - Ede ak rapèl pwodwi
 - Rapòte reyaksyon negatif ak medikaman
 - Rapòte abi, neglijan, oswa vyolans nan kay nou sispèk
 - Evit gwo menas kont sante ak/oswa sekirite ou oswa lòt moun

Fè rechèch

- Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon ou pou rechèch lasante.

Konfòme ak lalwa

- Nou pral pataje enfòmasyon sou ou si lwa nan nivo leta oswa federal mande li, ki gen ladan Depatman Sante ak Sèvis Imen si li vle wè nou konfòme ak lwa federal konsènan konfidansyalite.

Reponn demann pou don ògàn ak tisi

- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ak òganizasyon ki aksepte ògàn.

Travay ansanm ak yon egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb

- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ak yon doktè lejis, egzaminatè medikal, oswa direktè ponp finèb lè yon moun mouri.

Abòde ka aksidan nan travay, reponn lapolis, ak lòt demann gouvènman

- Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon ou pou:
 - Pou reklamasyon aksidan nan travay
 - Pou zafè lapolis oswa ak yon ofisye lapolis
 - Avèk ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize
 - Pou fonksyon gouvènman espesyal tankou militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl

Reponn pwosè ak aksyon legal

- Nou ka pataje enfòmasyon medikal sou pou reponn yon lòt tribinal oswa administratif, oswa pou reponn yon manda.

Responsablite nou yo

- Lalwa egzije pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje ou.
- Nou pral fè w konnen san pèdi tan si yon te gen yon vyolasyon ki kapab te mete konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou nan danje.
- Nou dwe respekte devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a ak ba ou yon kopi li.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon ou pou lòt rezon ki pa dekri nan dokiman sa a amwenske ou di nou kapab alekri. Si ou di nou kapab, ou gendwa chanje lide nenpòt lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide.

Pou plis enfòmasyon, gade:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Chanjman nan Kondisyon Avi sa a

Nou ka chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman sa yo pral pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib lè ou mande, nan biwo nou a, ak sou sitwèb nou an.

Ofisye HIPAA: Christina Iliff • (407)322-8645 ext. 1149 • Christina.Iliff@mytruehealth.org